# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–15 मई 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रदेस में पचवां, छठवां अउर सतवां फेरा बदे राजनीतिक पारटियन क नेता अउर स्टार परचारक जनसभा रोड–सो अउरि जनसंपर्क के जरिया से ओटरन से अपने पक्ष मे ओट देवे क अपीलि कइ रहल हवे। भाजपा क सीनियर नेता अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु हमीरपुर संसदीय क्षेत्र में एगो रैली के संबोधित करत कहले कि बसपा अउर सपा क पहिले क सरकार भ्रष्टाचार अउरि माफिया राज के बढ़ावा देत रहे ई क्षेत्र अवैध खनन बदे बदनाम हो गइल रहे, बकिर भाजपा क सरकार बनते एहवां लूट खतम हो गइल। उहां के जालौन, झांसी अउर लखनऊ लोकसभा क्षेत्रो में जनसभा के सम्बोधित कइलीं। ओहर बलरामपुर जिला क गैसड़ी विधानसभा क्षेत्र में आजु भाजपा नेता अउर उप मुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक भाजपा ओम्मेदवार शैलेष कुमार सिंह शैलू के समरथन में जनसभा के सम्बोधित करत कहलें कि भाजपा के अपार जन–समरथन मिलि रहल हौ। जनता तिसरी बेरि मोदी जी के प्रधानमंत्री बनावे खातिर उत्साहित हौ।

ओहर, श्रावस्ती में अपना दल क सीनियर नेता अनुप्रिया पटेल भाजपा ओम्मेदवार साकेत मिश्रा के समरथन में आयोजित जनसभा में कहलिनि कि बिपक्ष के खोखला भासण से ओटर परभावित नाहीं होइहें। चारि फेरा क चुनाव बितले के बाद जनता भाजपा क एनडीए सरकार के पुरहर समरथन दिहले क मन बना लिहले हौ। एकरे अलावा सपा प्रमुख अखिलेश यादव बलरामपुर जिला क गैसडी विधानसभा सीटि अउर फैजाबाद संसदीय क्षेत्र में इंडी गठबंधन क ओम्मेदवारन बदे परचार करत कहलें कि भाजपा चारि सौ पार क नारा दे रहलि हौ बाकिर देस क एक सौ चालीस करोड़ जनता इन्हें एक सौ चालीस से जियाद न दिहले क मन बना लिहले हौ। ओहीं, कांग्रेस अध्यक्ष मल्लिकार्जुन गड़गे, हिमाचल प्रदेस क मुख्यमंत्री सुखविंदर सिंह खुक्खू अउर कांग्रेस महासचिव प्रियंका गांधी वाड्रा रायबरेली से कांग्रेस ओम्मेदवार राहुल गांधी के समरथन में चुनाव परचार कइलिनि। सीनियर भाजपा नेता राजनाथ सिंह मोहनलालगंज सीटि से चुनाव लड़ रहल भाजपा ओम्मेदवार कौशल किशोर बदे परचार कइलें।

**********

इंडी गठबंधन की ओरि से राजधानी लखनऊ में आयोजित एगो प्रेस वार्ता के सम्बोधित करत कांग्रेस अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खड़गे कहलें कि अबले भइल चुनाव में इंडी गठबंधन मजबूत हालति में हौ अउर मोदी जी क गइल तय हौ। उहां के कहलीं कि दुइ हजार चउबीस क चुनाव संविधान अउर लोकतंत्र के बचावे बदे बहुते खास हौ। समाजवादी पारटी क प्रमुख अखिलेश यादव कहलें कि ई उनके पारटी क विजय डाक्यूमेंट में औरि इंडी गठबंधन के घोसणा पत्रो में हौ कि जो त ऊ सत्ता में आइल त सज्जो खाली सरकारी पदन के भरल जाई अउर सिक्षित नौजवानन के नोकरी दीहल जाई। प्रेसवार्ता में दुन्नो पारटियन क सज्जो प्रमुख नेता मौजूद रहलें।

**********

प्रदेस में सतवां फेरा क तेरह लोकसभा सीटिनि पर ओम्मेदवारन के परचन क जांचि सुरू हो गइल हौ। पहिला दिन्ने गोरखपुर अउर बांसगांव लोकसभा क्षेत्र के परचन क जांचि कइल गइल। गोरखपुर लोकसभा सीटि से जांचि के बाद तेरह ओम्मेदवारन क परचा सही पावल गइल जबकि ओन्नइस परचन में कमी मिलले पर उन्हें खारिज कइ दीहल गइल। येही क्रम में बांसगांव सीटि से आठ परचा सही मिलल जबकि तीनि गो खारिज कइ दिहल गइल। ओहर, महराजगंज लोकसभा क्षेत्र के परचन क जांचि के बाद छौ गो परचा खारिज कइ दिहल गइल हौ। आइ ओम्मेदवारन क परचा सही मिलल हौ। परचा वापसी क आखिरी तारीख सतरह मई हौ। येह फेरा में महराजगंज, गोरखपुर, कुशीनगर, देवरिया, बांसगांव, घोसी, सलेमपुर, बलिया, गाजीपुर, चंदौली, वाराणसी, मिर्जापुर अउर राबर्ट्सगंज लोकसभा सीटि बदे एक जून के ओट परी।

**********

लोकसभा चुनाव में मतदान फीसदी बढ़ावे बदे मतदाता जागरूकता कार्यक्रम के क्रम में आजु बनारस के गंगापुर इंटर कॉलेज के मैदान में मतदाता जागरूकता रैली निकारल गइल। ई रैली कॉलेज से सुरू हो के नगर पंचायत होत गोला बजारि में खतम भइल। येह दौरान विद्यार्थी लोगि पहिले मतदान फिल जलपान समेत कई गो नारा लगावत लोगिन के जागरूक कइलें।

ओहर, चित्रकूट में स्वीप के तहत जन–जागरूकता कार्यक्रम क आयोजन चित्रकूट स्टेडियम में कइल गइल, जेहमें छात्र–छात्रा लोगिन अउर अधिकारी आ करमचारी लोगि वोट करेगा चित्रकूट बीस मई दुइ हजार चउबीस क जन आकृति बना के मतदाता जागरूकता क सपथ लिहलें।

**********

भारतीय वायु सेना, आगरा में उड़ान के समय आपातकालीन लैंडिग–एयरड्रॉप बदे अत्याधुनिक स्वदेसी मोबाइल चिकित्सा, भीष्म क्यूब क परीक्षण कइले हौ। केंद्रीय स्वास्थ्य मंत्री मनसुख मांडविया कहलें कि ई तकनीक कउनहूं आपात हालति में चिकित्सकीय सहायता उपलब्ध करवले में मददिगार होई। एके करीब दुइ सौ घाही लोगिन के इलाज बदे इस्तेमाल कइल जा सके ला।

**********